

# Yon prensip konduit pèsonèl

## Moralite



**“Bon enfliyans moun ki jis fè vil yo pwospere, men dekadans moral moun ki fèb yo detwi li.” Pwovèb 11:11**

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Moralite: Sa sa ye? « Webster » defini li tankou prensip, estanda oswa habitid ki detèmine bonkonduit oswa movezkonduit. Pwovèb relye ak Bondye, kivledi se Bondye ki defini estanda yo. Nou t a dwe konprann Bondye kreye lèzòm ak bèt ak yon plan nan lespri li. Chak espès te kreye swivan pwòp jan pa yo, sa ki vle di yo chak te kreye ak kèk karakteristik ki fiks. Lòm sepandan te resevwa yon kado espesyal—kado rezonman. Pa genyen ankenn animal ki kapab rezon sou pwòp tèt li. Yon tizwazo pa kapab deside valè li oswa redefini jan li ap viv. Li fonksyone swivan kòd li epi jan yo te kreye li. Menmjan tou lòm te kreye swivan espès li. Sepandan, li te genyen 2 kòd pou li viv—yon konsyans (yon santiman sa ki byen ak sa ki mal pou espès li) epi kòmmanman yo.

Nou konnen natirèlman ke li pabon pou nou touye, volè oswa detwi zafè lèzòm.—sa se konsyans. Se pou sa moun fè movezaksyon nan fènwa oswa lè pèsonn p ap gade.

Yonfw lòm te resevwa kado larezon, li te bezwen kòmmanman yo tou. Kòmmanman sa yo te tounen kòd pou li kapab fonksyone kòrèkteman (kòd moral). Nou bezwen yo paske ak don larezon nou kapab rezonen poukont nou sans konsyans Bondye te bannou an.

Gen anpil bagay ki bon e ki pabon yo dwe anseye nou—sa se kòmmanman yo. Men gen bagay ki bon epi ki pabon ki se yon pati nan nati imenn nou—sa se konsyans nou. Lè nou disi kè nou epi nou touye konsyans Bondye bannou, nou vin egoyis, ava, epi tèt. Sa fè nou bliye sans moral natirèl nou.

Konsyans nou pa yon bon gid amwen-ske kòmmanman yo ap dirije li. Bondye kreye lòm epi bèt mal ak femèl pou

yo kapab repwodwi (fè pitit). Se sèlman lòm ki pratike omoseksyalite. Sèl lèzòm vin adik ak dwòg ak alkòl epi ap fè avòtman. Sa kapab legal oswa kòrèk politikman, men bagay sa yo toujou mal moralman. Yon dil biznis gen dwa legal men sa pa anpeche li vyole prensip moral. Moralite vle di jistis pou toude pati yo, epi li anba yon kòd byen ak mal Kreyatè bannou « Fè lèzòm sa w t a renmen lèzòm fè w ». se pa yon sigjesyon men li plis yon prensip fonksyonèl.

Gen 3 mwayen pou tcheke konsyans ou:

1. Eske w genyen pwoblèm pou gade sèten moun nan je oswa pou transparan?
2. Eske gen sèten kesyon w pè diskite ouvètman ?
3. Eske w santi w enkòfòtab pou pale de Bondye oswa de sa ki kòrèk?

Nou responsab devan Bondye ak lèzòm pou nou swiv yon kòdetik moral baze sou laverite Bondye ak kreyasyon. Yo te bannou Kòmmanman yo kòm gid konpòtman lèzòm. Yo anseye nou respè pou Bondye ak parèy nou. Si nou renmen Bondye ak vwazen nou menmjan nou renmen tèt nou, nou va aji mora man.

Se p at sèlman pou te fè Bondye plezi yo te bannou lwa ak prensip sila yo, men tou se te pou byen nou. Se nou ki benefisyè. Nou va rann tèt nou sévis lè nou viv epi estriktire tèt nou ansanm ak sosyete nou yo swivan lwa ak prensip sila yo. Zansèt nou te konprann sa. Se pou sa konstitisyon ak sistèm lwa nou yo estriktire otou kòmmanman Bondye yo. Se te pou kreye yon sosyete moral.

Majorite valè moral yo mande bonsans. Se pa jis paske nou te resevwa don larezon ak pouvwa pou nou kapab chwazi ke nou genyen lisans pou nou vyole estanda moral Bondye te kreye pou nou. Moralite se senpleman yon règdekonduit ki kòrèk—kòrèk pou w epi kòrèk pou mwen selon volonte Kreyatè a. Nou kapab bezwen mande moun n ap gade nan glas la si li konnen sa ki kòrèk.

*Prensip sa fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:*

**Foundations For Achievement.**

### Panse pou medite:

Lè w pèdi richès ..... Anyen pa pèdi.  
Lè w pèdi lasante ..... Ou pèdi kichoy.  
Lè karaktè pèd ..... Tout bagay pèdi.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete